

BAB I BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Pangajaran basa Sunda di sakola moal leupas tina opat kaparigelan basa nyaéta maca, nulis, nyarita, jeung ngaregepkeun. Opat kaparigelan basa téh teu bisa dipisahkeun lantaran hiji jeung anu lianna aya patalina sarta silih deudeulan. Salah sahiji kaparigelan anu kudu dikawasa ku siswa nyaéta kaparigelan nulis. Kaparigelan nulis mangrupa kaparigelan basa anu sipatna aktif, produktif, jeung éksprésif. Kaparigelan nulis ogé dianggap kaparigelan anu panghéséna, lantaran dina kaparigelan nulis siswa kudu bisa ngébréhkeun sagala hal anu aya dina pikiranna kana wangun tulisan. Ku kituna, dina pangajaran nulis, guru dipiharep mampuh nyieun siswa aktif jeung kréatif sangkan bisa kahontal tujuan pangajaran kalayan hadé.

Dina pangajaran nulis, tangtuna guru miboga peran anu kawilang gedé, sabab salian ti méré pangaweruh, guru ogé méré conto ngeunaan hal tulis-tinulis sarta kudu bisa ngaping para siswa dina prakna. Bangbaluh anu karandapan ku siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 dina nulis sisindiran nyaéta loba kénéh siswa anu nganggap yén nulis sisindiran téh hésé, kulantaran dina palebah ngébréhkeun basa sunda anu teu kabéh siswa bisa, ogé dina ngabédakeun wangun jeung papasingan sisindiran anu masih mindeng patukeur. Salian ti éta, bangbaluh lianna nya éta guru anu nepikeun matéri ajar masih kénéh *monoton*, perlu ayana modél pangajaran anu bisa dilarapkeun kana pangajaran nulis sisindiran.

Pangajaran nulis mémang geus aya dina kurikulum. Salah sahiji anu kaasup kana pangajaran nulis nyaéta nulis sisindiran. Pangajaran nulis sisindiran geus kaunggel dina kurikulum Tingkat Daerah Muatan Lokal Mata Pelajaran Bahasa dan+ Sastra Sunda Kurikulum 2013 Revisi 2017 jenjang SMA/SMK/MA/MAK yén pangajaran sisindiran diajarkeun di kelas XI. Luyu jeung KD 3 jeung KD 4 saperti ieu di handap.

11.3.2 *Menganalisis isi, struktur, dan aspek kebahasaan sisindiran.*

11.4.2 *Menyusun dan menampilkan sisindiran secara lisan/tulisan sesuai dengan konteks dan fungsi sosialnya.*

Dumasar Kompetensi Dasar di luhur, yén kompetensi anu kudu dihontal ku siswa téh nyaéta aya dua sacara lisan jeung tulisan. Tapi pasualan anu karandapan ku siswa ayeuna téh lain lisan tapi tulisan. Ku kituna, ieu panalungtikan leuwih museur kana masalah nyusun sisindiran dina wangun tulisan.

Sakabéh tujuan pangajaran di luhur tangtuna moal leupas tina peran guru dina kagiatan diajar ngajar. Guru kudu parigel dina ngatur kelas sarta dina prakna nepikeun bahan ajar, guru diperedih bisaa nyiptakeun situasi kelas anu matak pikabetaheun siswa. Kondisi kelas anu ngurut bakal ngarojong kana kaaktifan siswa sangkan bisa nulis. Ku kituna, siswa perlu aya dina suasana kelas anu dinamis jeung variatif. Dina ieu hal modél pangajaran jadi pamiangan pikeun ngahirupkeun suasana diajar dikelas sangkan henteu *monoton*.

Hasil diajar mangrupa salahsahiji indikator kahontalna tujuan pangajaran di kelas, kaasup ku factor internal jeung eksternal. Faktor internal nu aya dina jero diri siswa nu ngawengku psikologi jeung fisik siswa, sedengkeun factor éksternal nyaéta nu asalna ti luareun diri siswa. Salahsahiji factor éksternal nu mangaruhan hasil diajar nyaéta guru. Guru kudu bisa nyiptakeun kagiatan diajar nu ngawengku sakabéh siswa sangkan aktif (Kholifah, 2018, kc 89).hal ieu ogé ditujukeun sangkan guru bisa ngawangun keterampilan siswa dina ngabéréskeun hiji masalah. Ieu saluyu jeung Rahman dina jurnalna (2018, kc. 5) nu nétélakeun yén guru kudu ngarancang pangajaran ku aktivitas *problem solving* pikeun ngawangun keterampilan mikir kritis siswa.

Tarekah pikeun nyumponan pamedih di luhur nyaéta ku cara nyipatakeun hiji modél pangajaran anu cocog sangkan bisa ngahontal tujuan pangajaran. Ku ayana modél pangajaran ogé bisa leuwih mantuan guru dina nepikeun bahan pangajaran. Ku kituna, disagigireun kamaheran dina ngajar, guru kudu maké modél pangajaran anu inovatif pikeun mantuan siswa sangkan parigel.

Salah sahiji modél pangajaran anu bisa dilarapkeun dina pangajaran nulis nyaéta *Group Investigation*. Ieu modél pangajaran dina hakékatna nyaéta strategi dina ngajar

pikeun mantuan guru dina matalikeun antara matéri anu diajarkeun jeung kaayaan siswa sangkan matéri anu ditepikeun bisa dicangking scara maksimal. Saluyu jeung Joyce jeung Well dina Huda (2013, kc. 73) nu nétélakeun yén modél pangajaran téh mangrupa rarancang atawa pola nu bisa digunakeun pikeun ngawangun kurikulum, ngadésain matéri-matéri intruksional, sarta minangka pituduh dina proses pangajaran di kelas.

Sacara teoritis kaonjoyan *Group Investigation* nyaéta ngirut jeung mangpaat pisan sarta komprehensif; ieu modél ngadumaniskeun udagan panalungtikan akademik, integrase social jeung pangajaran sarta proses sosial (Joyce, spk, 2009, kc. 322)

Modél pangajaran *Group Investigation* dipilih sabab modél pangajaran anu inovatif dina pangajaran nulis sisindiran, sabab dina modél pangajaran *Group Investigation* siswa bisa silih tukeur informasi jeung siswa sejen, siswa bisa silih ngadiskusikeun ngeunaan sisindiran ku cara langsung jeung kelompok sejen sarta bisa ngarahkeun siswa diajar aktif tur gawe bareng jeung babaturan kelompokna.

Panalungtikan anu ngarojong kana ieu panalungtikan nyaéta dina wangun skripsi anu dilaksanakeun ku Nurachmadita Ayunia (2016) nu medar ngeunaan “Modél Pangajaran *Group Investigation* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Téks Biantara (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas X IIS 4 SMA Negeri 4 Cimahi Taun Ajaran 2015/2016)”. Hasil tina éta panalungtikan *Group Investigation* bisa dilarapkeun kana nulis téks biantara sabab ngaronjat tina can mampuh (62,96) jadi mampuh (80,86). Lian ti éta aya ogé panalungtikan séjén nu dilaksanakeun ku Leli Nursafitri (2016) nu medar ngeunaan “Modél Pangajaran *Group Investigation* pikeun Ngaronjatkeun Kamampuh Nulis Guguritan (Studi Kuasi Eksperimen ka Siswa Kelas VIII B SMP Negeri 27 Bandung Taun Ajaran 2015/2016)”. Hasil tina éta panalungtikan *Group Investigation* bisa dilarapkeun kana nulis guguritan sabab ngaronjat tina can mampuh (55,12) jadi mampuh (78,38).

Sasaruaan dina ieu panalungtikan jeung panalungtikan anu dilaksanakeun ku Nurachmadita (2016) jeung Leli (2016) nyaéta sarua ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* dina pangajaran nulis, ngan dina bebedaan ieu panalungtikan

jeung panalungtikan saméméhna nyaéta matéri ajar jeung sumber data anu rék ditalungtik.

Pentingna ieu panalungtikan nyaéta pikeun mikanyaho kamampuh siswa saacan jeung sabada maké modél pangajaran *Group Investigation*. Ieu panalungtikan ogé dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunaan modél-modél pangajaranana bisa dipaké dina pangajaran nulis sisindiran. Ku kituna, perlu diayakeun panalungtikan kalayan judul Modél Group Investigation Pikeun Ningkatkeun Kamampuh Nulis Sisindiran (Studi Kuasi Eksperimen Ka Siswa Kelas XI RPL 1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajar 2020/2021)

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kasangtukang panalungtikan jeung idéntifikasi masalah panalungtikan, masalah anu dipedar dina ieu panalungtikan, dirumuskeun dina wangun pertanyaan ieu di handap.

- 1) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 samemeh ngagunakeun pangajaran *Group Investigation* ?
- 2) Kumaha kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation* ?
- 3) Naha aya beda anu signifikan atawa henteu antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 samemeh jeung sabada ngagunakeun modél *Group Investigation* ?

1.3 Tujuan Panalungtikan

Luyu jeung rumusan masalah anu dipedar di luhur, ieu panalungtikan miboga tujuan anu baris dihontal, nu dibagi kana tujuan umum jeung tujuan husus.

1.3.1 Tujuan Umum

Tujuan umum tina ieu panalungtikan téh nyaéta pikeun nguji cocog atawa henteuna modél *Group Investigation* dina pangajaran nulis sisindiran pikeun siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021.

1.3.2 Tujuan Husus

Dumasar kana masalah anu dirumuskeun di luhur, sacara husus ieu panalungtikan boga tujuan pikeun ngadeskripsikeun:

- 1) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 saméméh ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*;
- 2) Kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021 sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigatio*;jeung
- 3) Beda signifikan atawa henteuna antara kamampuh nulis sisindiran siswa kelas XI RPL 1 taun ajar 2020/2021samemeh jeung sabada ngagunakeun modél pangajaran *Group Investigation*.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

Mangpaat dina ieu panalungtikan kabagi jadi dua nyaéta mangpaat teoritis jeung mangpaat praktis.

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis ieu panalungtikan dipiharep bisa ngajembaran pangaweruh ngeunan modél-modél pangajaran anu bisa dipake dina pangajaran nulis sisindiran. Hasilna dipiharep bisa ngaronjatkeun kreatifitas guru dina ngagunakeun modél pangajaran sangkan teu *monoton*. Salian ti éta dipiharep bisa leuwih ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis sisindiran, sarta bisa ngaronjatkeun minat sangkan leuwih resep diajar basa Sunda.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Sacara praktis ieu panalungtikan miboga mangpaat pikeun;

- 1) Pikeun siswa, bias ngaronjatkeun minat jeung kamampuh nulis sisindiran.
- 2) Pikeun guru, biasa mere gambaran alternative model pangajaran anu cocog dipake dina proses pangajaran nulis sisindiran.

- 3) Pikeun panalungtik, bisa mere pangaweruh anu lengkep kumaha nangtukeun model pangajaran *Group Investigation* saméméh jeung sabada panalungtikan, jeung bisa jadi salah sahiji metodé anu bakal dipake pikeun panalungtik nalika ngajar di sakola.

1.5 Raraga Tulisan

Dina ieu skripsi disusun jadi lima bab, anu diwincik ieu di handap.

Bab I Bubuka ngawengku kasang tukang masalah, idéntifikasi masalah, jeung rumusan masalah, tujuun panalungtikan, jeung raraga tulisan.

Bab II Ngawengku ulikan tiori, ngawengku ulikan panalungtikan saméméhna, raraga mikir, jeung hipotesis anu ngawengku ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation*, nulis sisindiran jeung sagala matéri bahan pangajaran.

Bab III Méthode panalungtikan, anu eusina nyaéta desain panalungtikan, sumber data, instrumén panalungtikan, prosédur panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, jeung analisis data.

Bab IV Hasil panalungtikan jeung pedaran, anu eusina mangrupa hasil analisis jeung déskripsi ngeunaan modél pangajaran *Group Investigation* pikeun ngaronjatkeun kamampuh nulis sisindiran Studi Kuasi Ékspérimén di Kelas XI RPL 1 SMK Negeri 4 Bandung Taun Ajaran 2020/2021.

Bab V Kacindekan jeung saran, anu eusina ngeunaan kacindekan hasil panalungtikan jeung saran pikeun ka hareupna.

